

## **PWOGRAM PATHWAY HOME** **Deklarasyon konpreyansyon moun ki aplike a** **(Haitian Creole)**

Non moun ki aplike pou pwogram nan: \_\_\_\_\_

Nan kad Pwogram Pathway Home nan, si ou kalifye epi si ou ale kay yon manm fanmi oswa zanmi w, Minisipalite Vil New York ("Minisipalite Vil la") ap voye yon peman pa mwa bay manm fanmi ki gen non li nan kontra lwaye a oswa ki se responsab prensipal pou obligasyon peman pa mwa pou kay la ("Lokatè Prensipal"). Kantite lajan Minisipalite Vil la ap peye Lokatè Prensipal la rele "Peman Pathway Home pa Mwa."

**Si yo jwenn mwen kalifye pou Pwogram Pathway Home, mwen pran angajman sa yo kòm kondisyon patisipasyon mwen nan Pwogram nan:**

1. Mwen rekonèt Minisipalite Vil la ap idantifye kantite lajan ki apwouve pou peman Pathway Home mwen an pa mwa nan avi kalifikasyon mwen an. Kantite lajan pou peman Pathway Home mwen an chak mwa p ap chanje pandan patisipasyon mwen nan Pwogram nan, ki pa ka plis pase yon peryòd jiska 12 mwa, kèlkeswa chanjman nan kantite moun ki nan fanmi mwen.
2. Mwen rekonèt Minisipalite Vil la pral fè Peman Pathway Home pa Mwa dirèkteman bay Lokatè Prensipal la chak mwa pandan apeprè yon ane, toutotan mwen kontinye ap viv nan kay la.
3. Mwen dakò pou aplike pou tout sipò travay mwen gen dwa pou resevwa. Sipò travay sa yo gen ladan avantaj piblik ak kredi fiskal, tankou Kredi Taks sou Revni ou Touche (Earned Income Tax Credit, EITC), Kredi Taks pou Timoun (Child Tax Credit, CTC) ak Kredi Taks pou Gadri (Child Care Tax Credit, CCTC).
4. Mwen rekonèt m ap resevwa kle kay la nan men Lokatè Prensipal la.
5. Mwen rekonèt mwen dwe fè Administrasyon Resous Imèn (Human Resources Administration, HRA) Vil New York konnen nenpòt chanjman nan adrès mwen.
6. Mwen rekonèt mwen dwe fè Administrasyon Resous Imèn (HRA) konnen imedyatman lè gen nenpòt nouvo moun ki vin abite nan kay la. Pou fè sa, mwen dwe rele Administrasyon Resous Imèn (HRA) nan nimewo 929-221-0043.

**(Vire Paj la)**

**Si yo jwenn mwen kalifye pou Pwogram Pathway Home, mwen pran angajman sa yo kòm yon kondisyon patisipasyon mwen nan Pwogram lan (*kontinye*):**

7. Mwen rekonèt Minisipalite Vil la p ap fè peman Pathway Home pa mwa a, si viv avèk fanmi k ap resevwa m nan kay la reprezante yon risk pou sante, sekirite oswa byennèt moun k ap viv nan kay la.
8. Mwen rekonèt mwen dwe chèche tout sèvis apwopriye pou m travay nan objektif pou m kapab jwenn lojman definitif pa m li gen ladan l, men pa sèlman, plasman nan travay ak konsèy finansye.
9. Mwen rekonèt si mwen pa ale nan kay la san rezon ki valab, mwen ka gen obligasyon pou peye Minisipalite Vil la nenpòt Peman li te fè anvan pou Pathway Home pa Mwa Minisipalite Vil la te fè bay Lokatè Prensipal la.
10. M ap kolabore nèt avèk Minisipalite Vil la nan administrasyon Pwogram Pathway Home.
11. Mwen rekonèt Peman Pathway Home pa Mwa yo ap fini si mwen kite kay yo apwouve pou fanmi k ap resevwa mwen an.
12. Mwen rekonèt Responsab Dosye oswa Espesyalis Lojman ki siyen anba la a siyen sèlman pou li kapab fè konfimasyon ki espesifye alè siyati yo.

**Siyati ki Obligatwa yo:**

Mwen li epi mwen konprann obligasyon mwen yo selon deklarasyon konpreyansyon moun ki aplike a.

\_\_\_\_\_  
**Siyati Manm Fanmi an**

\_\_\_\_\_  
**Dat**

\_\_\_\_\_  
**Siyati Manm Fanmi an**

\_\_\_\_\_  
**Dat**

**STAFF USE ONLY**

I confirm that all present household members have verbalized their understanding to the agreements outlined in this document, and that all household members have signed and received a copy of this agreement.

\_\_\_\_\_  
**Case Manager or Housing Specialist**

\_\_\_\_\_  
**Date**